Ассаламу гIалайкум!

ЗахIмат бихьичIого, рахIат бокьарас,
БекьичIого, лъилъе, нилъ гьечIого, хур.
Инхоса ГIали-хIажи

www. mo-gumbet.ru
Газета бахъизе байбихьана 1952 с.

# Гумбет

Гумбет районалъул газета



№ 40 (6440) 27 июль 2015 с. Итни Шаввал 1436 с. Багьа 5 гъур.

БАРКИ!

## Дагъистаналъул Конституциялъул къо

**1994 соналъул 26 июлалда къабул гьабуна Дагъистаналъул Конституция. Гьеб къо нилъер республикаялъул тарихалде ана Дагъистаналъул миллияб байрам - ДРялъул Конституциялъул къо хIисабалда**.

Республикаялъул аслияб закон къабул гьабиялъ цIияб гьумер рагьана гIемер миллатазулаб Дагъистаналъул халкъ цебетIеялъулъ. Конституциялъ законазулаб къучI лъуна демократиялъул ва базаралъулаб экономикаялъул нухдасан Республика цебетIеялъе, гьелъ щула гьабуна дагъистаниязул гъунки ва цолъи, обществоялда рекъел ва рагIи дандеккей.

Жакъа улкаялда унел хиса-басиязда бан, нилъее рагьулел руго цIи-цIиял ресал, цере чIолел руго экономика рукIалиде ккезабиялъул ва обществоялъул гIумру лъикIлъизабиялъул цIиял масъалаби.

РакIчIарал руго районалъул гIадамазги гьел масъалаби тIуразаризе рукIиналда, гьез жидерго захIматалдалъун республикаялъул, районалъул социалиябгун экономикияб ва рухIияб цебетIеялъе шартIал гIуцIизе рукIиналда.

РакI-ракIалъ баркула киналго районцоязда миллияб байрам – Дагъистан Республикаялъул Конституциялъул къо. Гьарула киназего щулияб сахлъи, рекъел, талихI ва икъбал.

**«Гумбет район» муниципалияб районалъул бетIер МухIамадгIали МухIамадгIалиев,**
**районалъул администрациялъул бетIер ГIабдулахIажи ГIабдулкъадиров**

ЧЕРХАЛДА ГIЕТI ЦIИРИЧIЕБ БОЦИ ДАНДЕ ГЬАБУГЕ

## Кьалбаз ккурал гъутIби

### Бакълъулазул ахбазан – бищунго кIаркьен багIараб

**2015 соналъул 11 июлалда Хьаргаби районалъул КIикIуни консервал гьарулеб заводалда тIобитIана ахбазаналъул тIоцебесеб республикаялъулаб фестиваль. «Гумбет район» муниципалияб районалъул администрациялъул бетIерасул заместитель ХIайбула ГIабдурахIмановасул нухмалъиялда бакълъулазул делегациялъ фестивалалъул хIалтIулъ жигараб гIахьаллъи гьабуна. Гумбет районалъул Игьали росулъа МухIамаднаби ПатахIовасул живго бетIергьанаб магIишаталъ (ЛПХ) тIоцебесеб бакI ккуна «Бищунго кIаркьен багIараб ахбазан» номинациялда.**

ФестивалалдагIахьаллъана Дагъистаналъул вице-премьер **Шарип Шарипов,** мугIрузул территориалияб округалда Дагъистаналъул бетIерасул вакил **МухIамадхIажи ЗайнулгIабидов,** Хьаргаби районалъул бетIер **Рамазан Малачилов,** мугIрузул территориалияб округалде гьорлъе кколел районазул делегациял ва цогидалги.

Фестивалалда гIахьаллъараз КIикIуни заводалъул хIалтIул къагIидаялъул халгьабуна. Дагъистаналда тIоцебесеб нухалъ тIобитIулеб ахбазаналъул фестивалалда кIалъазе рахъана ДРялъул вице-премьер Шарип Шарипов, Хьаргаби районалъул бетIер Рамазан Малачилов ва цогидалги.

Гьеб фестивалалда гIахьаллъараб бакълъулазул къокъаялда гьорлъ рукIана Гумбет районалъул администрациялъул экономикаялъул, росдал магIишаталъул ва буголъабазул гьоркьорлъабазул отделалъул нухмалъулесул заместитель **Ибрагьим Ибрагьимов,** информациялъул «Гумбет» хIуцIиялъул нухмалъулев **ХIамзат ГIизудинов,** маданиялъул, физическияб культураялъул, спорталъул, гIолилазул политикаялъул ва туризмалъул отделалъул начальник **МухIамад ГIумардибиров,** Россиялъул халкъазул гIадатияб маданиялъул Гумбеталда бугеб централъул бетIер **Набигула АхIмадибиров** ва цогидалги.




Дагъистаналъул магIишатазда гьоркьор конкурсалги рукIана. Гумбеталъул ахбазан бищунго кIаркьен багIараблъун рикIкIана. «Хъилалда тIад бищун лъикIаб лъималазул сурат» конкурсалда тIоцебесеб бакI ккуна Игьали росулъа **АхIмад Бибулатовас**.

Дагъистаналъул хIукуматалъул председателасул заместитель Шарип Шариповас сайгъатал кьуна «Дагъистан Республикаялъул росдал магIишаталъул мустахIикъав хIалтIухъан» абураб хIурматияб цIар щварал республикаялъул ахихъабазе. Гьеб цIар щвана Игьали росулъа **НурмухIамад Хайрудиновасеги.**

**«Гумбет» РИО**

НОМЕРАЛДА РУГО:



Сахлъи цIуни- диналъулги законалъулги тIалаб -2 гьум.



Росабалъ гIумру гьабулезе пенсия цIикIкIинабуна -2 гьум.



Гьале рагъалъ кьурал къвараралъ васал -3 гьум.




Как уберечь ребенка от наркотиков -4 стр.

Масала, гІакъилас гІадан теларо,
Тушман вугониги, гІадада хвезе.

Инхоса ГІали-хІажи



ТІИБ

# Сахлъи цІуни - диналъулги законалъулги тІалаб

**ГІолел гьечІо инфекционист, реаниматолог, эпидемиолог, неонатолог, онколог, эндоскопист, психиатр, нарколог, дерматолог, невропатолог, терапевт, физиотерапевт**

**Гумбет районалда инсанасул сахлъи цІуниялда хІалтІулеб буго 5 отделение жаниб бугеб 85 койкаялъул централияб больница,ункъо участковияб больница, 60 койкаялъе бакІ бугеб, 21 фельдшерлъиялъулгун акушерлъиялъул пункт (ФАП, ФП). Кинавниги хІалтІулев вуго 40 врач ва 146 гьоркьохъеб хасаб лъай бугев медицинаялъул хІалтІухъан. Гьединго «Хехаб кумекалда» хІалтІулев вуго щуго врач ва щуго фельдшер. «Гумбет» басмаялъул хІалтІухъан дандчІвана районалъул централияб больницаялъул бетІерав тохтир МухІамад СайгидахІмадовгун ва кьуна гьесие цо-цо суалал.**

**- МухІамад, гьаб соналъул 25 марталда тІобитІараб районалъул администрациялъул коллегиялъул заседаниялда «Гумбет район» муниципалияб районалъул бетІер МухІамадгІали МухІамадгІалиевас тІадчІей гьабуна сахлъи цІуниялъул, диспансеризация тІобитІиялъул рахъалъ ругел цо-цо гІунгутІабазда. Бицинарищ кьокъго гьел гІунгутІаби тІагІинариялъе гьарурал тадбиразул.**

- Гьеб заседаниялдаса хадуб, 28 апрелалда букІана ДРялъул сахлъи цІуниялъул министерствоялъул данделъи. Гьениб гьоркьоб лъуна 2015 соналъул лъабго моцІалда жаниб Гумбет районалъул централияб больницаялъ халкъалъул сахлъи цІуни лъикІлъизабиялъул рахъалъ гьарурал тадбиразул баян. Гьелъул хІасилалда бихьизабуна районалда халкъалъул сахлъи цІуниялъул рахъалъ цо къадаралъул хІалтІи гьабун букІин ва хІалтІи рикІкІана гьоркьохъеблъун.

Рехсарал хІалтІабазул цояблъун ккола ЦРБялда врачазул къадар цІикІкІин, гьезда гьоркьор категориял бугезул къадарги. Цере соназ хасел, рии батІалъи гьечІого, лъимаде ругел руччаби ритІулаан МахІачхъалаялде бидул анализал кьезе. Гьел гьанже хьвадизе кколаро. Гьел хамиз къоялъ ахІула поликлиникаялде, гьениб гьабула гьезул хал, хІажатаб консультация. Гьезул би бахъула (12,16 анкьалда ругел) ва рузман къоялъ битІула МахІачхъалаялде. Гьеб халгьабиялъ гьитІинго лъимада рукІине бегьулел захІматал унтаби ругони тІатинарула.

Гьаб соналда централияб больница ва участковиял больницаби хьезаруна хІажатаб оборудованиялдалъун ва инвентаралдалъун, ай кислород кьолел аппаратал, ультразвуковиял ингаляторал, процедурнияб кабинеталъе гьава бацІцІад гьабулеб аппарат, гьединго физиотерапевтическияб кабинеталъе аппарат. Щибаб хамиз къоялъ, врачазулги сестрабазулги лъайборхизаби мурадалда, тІоритІула батІибатІиял темабазда семинарал.

Унтаразе гьабулеб хъулухъ лъикІлъизаби мурадалда, гьаб соналда, цебе хехаб кумекалъул врачасда тІад къалеб букІараб батани, больницаялда регарал унтаразул тІалаб гьабизе сагІат щуго тІубаралдаса хадуб радал сагІат микьго тІубазегІан вихьизавун вуго хасав врач (дежурный врач).

**- Гумбет районалъул гІадамазул диспансеризация гьаби кин унеб бугеб?**



- Гьаб соналъул анлъго моцІалда жаниб чІахІиязул диспансеризациялъул тІоцебесеб этап лъугІана 2049 чиясул (52,4%). КІиабилеб этапалъе вихьизавун вукІана 629 чи. Диспансеризация гьабуна 600 чиясул (95,3%). Диспансеризациялъул хІасилалда тІатана хасго бидул тІадецуялъ, чакаралъул унтиялъ, беразул тІадецуялъ унтарал, гьединго ракІ, бидурихьал, суставал, мугъзал гьод унтарал. Гьарурал анализазул ва анкетированиялъул хІасилалда загьирлъана, жиндир заманалда тІагІинаричІони, чорхолъе батІи-батІиял унтаби ккезе бегьулел заралиял гІамалхасиятал. Гьаб соналъул май моцІалда ниж щвана Архъабаш, Нарыш, Тугъан, Первомайск, Нанибика хъутабазде. Гьенибе цадахъ букІана Казбек районалъул флюорографиялъул аппаратги. Абизе бегьула цересел соназде дандеккун халгьабизе рачІунезул къадар цІикІкІараб букІанин, ай лъикІаб гІахьалъи гьабунин. Гьениб халгьабуна чІахІиязулги лъималазулги. Ратарал унтабазда рекъон нижеца рихьизаруна лъие амбулаторияб сахлъизари хІажат бугеб, щив больницаялда вегизе кколев ва хІажатазе кьуна МахІачхъалаялда регизе ине направление.

Гьединго унеб буго лъималазул диспансеризация гьабиги. Халгьабизе бихьизабун буго 9521 лъимер. ХІакъикъаталда районалда буго 3690 лъимер. Январь моцІалдаса май моцІалъул ахиралде щвезегІан анкьида жаниб цо къоялъ поликлиникаялъул бригадаялъ халгьабуна районалъул цо-цо росабазул школазул ва ясли-ахазул лъималазул. Хасалихъе халгьабиялде тІамун руго Инхо, Гьарадирихъ, Чикь, Щабдухъ росабазул лъимал.

**- ХІажатал дараби ругищ?**

- Абизе бегьула жакъа кьоялде унтарал дарабаздалъун хьезариялъул иш квеш гьечІин, дарабазул рахъалъ захІмалъи нижее букІана май моцІалда ва июналъул тІоцебесеб бащалъиялда. Къокъго абуни цересел соназде дандеккун дарабаздалъун хьезариялъул рахъ исана лъикІ гьечІо. Божи буго гьанжеялдаса хадуб унтаразе дарабазул рахъалъ мукъсанлъи ккезе теларин. Гьеб божилъи тІубазе ккани жибго ЦРБялъ, поликлиникаялъ, ункъабго участкаялъул больницабаз, 21 ФАП, ФПаз тІубазабизе ккола щибаб моцІие бихьизабураб план (госзадание).

**- Жакъа кьоялда ЦРБялъе хІажатал специалистал ругищ?**

- Руго хІажатал гІезегІан специалистал. ГьечІо гІолел инфекционист, реаниматолог, эпидемиолог, неонатолог, онколог, эндоскопист, психиатр, нарколог, дерматолог, невропатолог, терапевт, физиотерапевт, хирург, методкабинеталъул врач.

**- Ахиралда районцоязда, «Гумбет» газета гьоркьоб ккун, щиб дуе абизе бокьилеб?**

- Дие бокьун буго Гумбет районалъул гІадамазда абизе жидерго сахлъи цІуниялде кІваркьеян. Гьеб гьезда тІадаблъун гьабун буго Россиялъул Федерациялъул сахлъи цІуниялъул 223 законалъул 6 статьялъул тІоцебесеб пункталда. Гьединлъидал щивав чиясда тІадаб буго халгьабизе ине (диспансеризация) участковияв терапевтасухъе ва педиатрасухъе. Гьединго гьеб законалъул 6 статьялъул 3 пункталда бихьизабун буго бальницаялда сах гьавизе вегун вугес цІунизе унтарасе бихьизабураб режим ва гІадлунизам. Больницаялда вегизе вачІарасда гьеб малъизе ккола медицинаялъул сестраялъ.

Гара-чІвари гьабуна
ГІайшат Исламбиеваль

ХАНЗАБАЗУЛГИ ХАН ХЪАХІАВ ХАН ВУГО

# Росабалъ гІумру гьабулезе пенсия цІикІкІинабуна

**ЦІияб къануналъул хаслъаби**

**- Гьал къояз «Гумбет» басмаялъул хІалтІухъан дандчІвана Россиялъул пенсионнияб фондалъул Гумбет районалда бугеб отделениялъул нухмалъулев ТІалхІат Жамалудиновгун ва гьесулгун гара-чІвари гьабуна.**

**- ТІалхІат, 2015 соналъул 1 январалда къуваталде лъугьана № 400 Федералияб Закон «Страховиял пенсиязул хІакъалъулъ». Абулеб буго гьеб законалда цо-цо цере рукІарал законазда рукІинчІел хаслъаби ругин. Дур хІисабалда кинал гьел хаслъаби ругел?**

- Цин тІоцебего абизин цебесеб № 173 Федералияб Законалда цІар букІараб батани «Россиялъул Федерациялда захІматалъул пенсиязул хІакъалъулъ» абураб, цІияб № 400 Федералияб Законалда цІар лъун буго «Страховиял пенсиязул хІакъалъулъ» абун. Гьеб гІадада гуро бугеб. 2001 соналдаса нахъе хІалтІуда вугев щивав чиясул страховиял взносал рехула Пенсионнияб фондалде ва гьеб соналдаса нахъе хІалтІизе лъугьарав щивав чиясе пенсия чІезабулеб къагІида цІакъ бигьаяб буго. Пенсионнияб фондалде гьев чиясул счеталде рехарал страховиял взносазул гІаммаб къадар бикьула цо тарихалде. Гьеб тарихги ккола жиб чан моцІалъ гьоркьохъеб къагІидаялда нилъер улкаялда пенсионерас пенсия гьев хвезегІан босулеб бугебали. Жакъа гьеб тарих бащалъула 228 моцІалда. Пенсия бащалъула страховиял взносал (гъурущ) бикьараб улкаялда гьоркьохъеб хІисабалда пенсия щолел моцІазде. Гьединлъидал цІарги, аслияб жо страховиял взносал ругелъул, страховияб пенсия лъуна.

**- Бокьилаан росдал магІишаталъул хІалтІухъабазе, нилъер район гІадинаб бакІалъул гІадамазе № 400 законалда рихьизарурал кинал ругониги бигьалъаби ругищали лъазе?**

- Нилъеца цебеги букІана бицун, 2016 соналъул 1 январалдаса пенсиязул цо бутІа цІикІкІинабизе буго 25 % росдал магІишаталда 30 соналъ хІалтІарал ва росулъ гІумру гьабун чІарал гІадамазе. Халгьабидал гьеб ккола 1000 гъурущалдаса дагьабго цІикІкІараб къадар.

**- Педагогал ва медикал кколаха росулъ гІумру гьабун ругел, нилъер росаби жидеца «цІунарал» махщалилал. Гьезиеги пайда бугеб жо лъазе лъикІаб букІинаан № 400 Федералияб Законалда.**

- № 400 Федералияб Закон хІалтІизе лъугьараб 2015 соналъул 1 январалдаса гьеб законалда хурхун къватІибе бачІараб «ГІемер соназ хъулухъ гьабуралъухъ (выслуга) лъайкьеялъул, сахлъи цІуниялъул хІалтІухъабазе пенсия кьеялъе стаж чІезабиялъул къагІидаялъул хІакъалъулъ Положениялда» абулеб буго 2015 соналдаса нахъе гьоркьохъел ва тІадегІанал цІалул заведениязда цІалулел рукІараб заман стажалде гьорлъе бачине бугин абун педагогазул ва медиказул.

Амма гьенир руго цо-цо хаслъаби.

Педагогикияб хІалтІуда вукІарав чи институталде яги училищеялде цІализе ани ва цІали лъугІарабго цІидасан школалде хІалтІизеги лъугьани, цІалул сонал педстажалъе малъула.

ЦІали лъугІизе ккола 1993 соналъул 1 октябралде.

ЦІалуда ва хІалтІуда гьоркьоб заман ине ва цоги бакІалда хІалтІараб стаж букІине бегьуларо.

Масала, хІалтІизе лъугьана 1972 соналъул 1 апрелалда школалде. 1972 соналъул 1 сентябралдаса 1977 соналъул 30 июлалде щвезегІан цІалана пединституталда, гьеб лъугІарабго хІалтІана школалда. Гьеб мехалда цІалул сонал педстажалъе малъила.

Медицинаялъул хІалтІухъан мединституталда яги училищеялда цІали лъугІигун больницаялде хІалтІизе лъугьани, цІалул сонал стажалъе малъула. ЦІали лъугІун букІине ккола 1993 соналъул 1 октябралде. ЦІалуда ва хІалтІуда гьоркьоб заман ине яги цоги бакІалда хІалтІараб стаж букІине бегьуларо. Мисал: цІализе лъугьана медучилищеялде 1982 соналъул 1 сентябралда, лъугІана 1986 соналъул 1 июналда ва 10 июналде хІалтІизе лъугьана больницаялде. Гьеб мехалдаги цІалул сонал медстажалде гьорлъе малъила.

**-Учительзабазул ва медучреждениязул хІалтІухъабазул стажалде гьорлъе армиялде араб заман бачунароан. Гьениб кин бугеб суал?**

- Учительзаби ва врачал пенсиялде уна заман щвелалде ва гьезие чІезабулеб пенсиялде досрочная пенсия абула. Цебесеб № 173 Федералияб Законалъ армиялда арал сонал гІаммаб стажалде гьорлъе рачунаан, амма медхІалтІухъабазе, педагогазе спецстажалъе рикІкІунароан. ЦІияб № 400 законалъ гьезие стажалде гьорлъе малъизе бихьизабун буго. Масала, педагогикияб, медицинаялъулаб хІалтІи → армиялда хъулухъ →педагогикияб, медицинаялъулаб хІалтІи бугони, спецстажалде малъула.

ТІоцере армиялдеги ун, хадур педагогикияб, медицинаялъулаб хІалтІи гьабун бугони, стажалъе рикІкІунаро армиялда рарал сонал.

Накъит гьабуна
Къурмагьиз ХІадисоваль

ВАТIАНИЯБ ТIАЛАБ ТIОБИТIУЛАГО. КIУДИЯБ БЕРГЬЕНЛЪИЯЛЪ-70 СОН

# Гьале рагъалъ кьурал кьварарал васал

**КIудияб ВатIанияб рагъул инвалид ГIабдукарим ГIусмановасул лъикIал гIамал-хасиятазул хIакъалъулъ пикраби**

**КIудияб ВатIанияб рагъул тIоцебесеб группаялъул инвалид Гумбет районалъул ЧIиркъатIа росулъа ГIабдукарим ГIусманов жиндиего бокьун гIарзаги кьун 1943 соналда рагъде ана. Гьес гIахьаллъи гьабуна батIи-батIиял шагьарал, росаби фашистаздаса эркен гьариялъул рагъазда. МустахIикълъана ГIабдукарим пачалихъалъул гIемерал шапакъатазе. Гьезда гьоркьоб «БагIараб цIва» ва цогидалги гIемерал орденазе, медалазе. Гьев рокъове тIадвуссана кьалул байданалда цояб бералдасаги ватIалъун. Гьесда цадахъ рагъда рукIаразул нахъе вуго ЛъаратIаса СагIидбег ГIалиев.**

2005 соналъул октябрь моцIалда ГIабдукаримгун цадахъ дун вукIана «Каякент» санаториялда (гьесие хъулухъ гьабизе хIисабалда). Гьесие кIиабилебги путевка кьолаан цадахъ хъулухъ гьабизе вачарав чиясеги. Нижеда гьенив дандчIвана ГI. ГIусмановгун цадахъ рагъда вукIарав Рутул районалдаса Ибрагьимпаша Садикъов. Гьез бицана шагьарал ва росаби эркен гьариялъе гIоло бахIарчиго рагъиялъул, дандчIварал захIмалъабазул. Гьев вуго гIемерал орденал-медалал щварав чи. Гьев жакъ-



аги чIаго вуго. КIудияб Бергьенлъиялъ 70 сон тIубаялда хурхун букIараб данделъиялда гьев Дагъистаналъул бетIер Рамазан ГIабдулатиповгун дандчIвана.

1947 соналда ГIабдукаримица ячана чIужу. Гьезие гьабуна 10 лъимер. АнцIго лъимер гIезабурай ва гьезие тарбия кьурай РахIмат ГIабдулаевалъе кьуна «БахIарчияй эбел» абураб тIадегIанаб цIар. Нижер росулъ цого-цо гьей йикIана гьеб цIар щварай чIужугIадан. Гьелъги ГIабдулкаримицаги цадахъ бана 67 сон. Араб соналъ гьей ахираталъул рокъое ана. Аллагьас гьелъул мунагьал чураги.

Бигьаго букIинчIо тIоцебесеб группаялъул инвалидасе магIишат гьабизе ва 10 лъимер гIезабизе. Байбихьана жиндаго ругьунаб къадахъанасул хIалтIиялдасан. КъанагIатги батиларо сверухълъиялда гьес мина-карт бачIеб росу. Щвана Казахстаналде, Калмыкиялде, Астрахань областалде ралел бакIазда хIалтIизе. Гьес гьаруна гIемерал пайдаял хIалтIаби. Хасго гьел рихьула росолъ гьес гьарурал ва гьарулел ругел хIалтIабаздасан, мажгитал-мадрасал раялдасан ва ран рукIарал гIатIид гьариялдасан. ТIокIлъун, лъимал-хъизам гьелде хIажат гьечIого, рецц-бакъалъе гуро гьес гьел гьарурал. Гьеб гьечIищ гьесул унго-унгояб таваккаллъи, бихьинчилъи, бурусманчиясул хасият.

Рехсезе бокьун буго дидаго гьесул рихьарал лъикIал гIамал-хасияталъ. Дун гьитIинав чи вугеб мехалъ ГIабдукарим вукIана ЧIиркъатIа Дахадаевасул цIаралда бугеб колхозалъул ахил хъаравуллъун. Гьеб хIалтIи ракIбацIцIадго тIубазабуна ва мегъ бикъа-хъамиялдаса цIунана. Гьев вукIана Урниб абулеб бакIалда эбел-лъималазул цIани хьихьун. Гьениб гьес къачIана цIаназе кIудияб нохъо-бокь ва тIадеги бана кIудияб бокь. Гьединго бана МахIадил хурзабахъ абулеб бакIалдаги цIаназе кIудияб бокь. Жиндирго минаялда аскIор гьаруна хурзал, чIана гъутIби. ХIарималъул ракьалъул суал ккараб (гьоб заманалда гьединаб жо букIунароан) гьес абуна росдал жамагIаталде дица гьабураб ах-хур росдал мажгиталъе малъе ва дида тIадлъе росдал мажгиталъе кьезе кколеб жо. Гьебго жо абулеб букIана гьал мухъазул авторасеги.

КIудияб ВатIанияб рагъ лъугIун 65 сон тIубаялъул хIурматалда рагъул гIахьалчагIазе рукъзазе кьураб гIарац ГIабдукаримица буссинабуна лъикIаб гьариялъе. ТIасияб аваалъул ХIорихъ мухъалда мажгит ва мадраса гьабизе. Гьеб мажгиталъул имамасе ва мадрасалъул мугIалимасе ГIабдукаримица моцIрое жиндирго гIарац кьола. Гьединго цIияб мажгит бана Гьоркьияб ЦIияб росулъ. ГIабдукаримида ракIалда буго хабалалъе унеб нух гIатIилъиялъе, гьитIинабго кьо базе, росдае хIажатаб кумек гьабизе. РакIалде ккараб тIубазе гьесие сахлъи кьеги. Амин.

**ХIадисил Камил,**
**ЧIиркъатIа росу**
**Сураталда: ГIабдукарим ГIусманов**

ВОРЕ, ЦIАЛЕ, ЦIАЛЕ...

## ГIадан хвасар гьавулеб идараялде сапар

**Гьарадирихъ росдал школалаги лъугIизабун дун цIализе лъугьана Хасавюрталъул педколледжалде. Цогидал предметалго гIадин, дие рокьула гьенив мугIалимлъун хIалтIулев Болатхан Халилулаевас кьолел ОБЖялъул дарсал. Гьев ккола ТОКСалъул кружокалъул нухмалъулевги. БагIарал лъалкIал ралагьулез, гьесул нухмалъиялда гьоркь КIудияб ВатIанияб рагъда хварал солдатал кир рукъаралали лъазарула, рагъухъабазул къисмат цIехола.**

Зама-заманалда Халилулаевас ниж рачуна сапаралъ. Дагьал церегIан ниж ун рукIана Хасавюрт шагьаралъул Аскерхановасул цIаралда бугеб къотIноб бугеб ГО ЧСалъул управлениялде. Гьениб нижеда бихьана техника, 9 метр халалъи бугеб болъо ва цогидабги. Сапаралдаса пайдаяб гIемераб жоги лъан тIад руссана.

**МухIарам Кьурбанов**

БАКЪЛЪУЛАЗУЛ РОСУ

## Дагъистан – Россия: кидаго цадахъ

**20 июлалъ Гумбет районалъул Килалъ росдал маданияб централда тIобитIана Дагъистан Республикаялъул Конституциялъул кьоялда хурхун данделъи. Гьенир гIахьаллъана росдал культураялъул, ясли-ахалъул, школалъул хIалтIухъаби ва росуцоял. Данделъаразда гьеб байрам баркана Килалъ росдал маданияб централъул директор Исрапил Заирбеговас.**

Гьенир кIалъазе рахъана Килалъ росдал ясли-ахалъул заведующая **Курсанат ХIабибова** ва библиотекаялъул заведующая **Гьумайзат Запирова**.

Хадуб ясли-ахалъул лъималаз данделъаразда бихьизабуна кечI-бакъаналъе, кьурдизе жидерго бугеб гьунар.

**«Гумбет» РИО**

РОСАБИ-РОХХЕНАЛ



Кунзахъ росу

ТIОЛА, ТIОЛА ТIАМАЧ КАЛЕНДАРАЛЪУЛ...

# Дагъистаналъул халкъазул байрам

**Щибаб соналъ 26 июлалда дагъистанияз кIодо гьабула миллияб байрам- ДРялъул Конституция къабул гьабураб къо**

**ЗахIматал шартIазда Дагъистаналъул гIалимзабаз, юристаз, депутатаз, жамгIиял хIаракатчагIаз, диниял цолъабазул вакилзабаз, 1992 соналъ букIараб Дагъистаналъул халкъазул Съездалъ рихьизарурал тIоцебесеб кIваралъул масъалаби: Россиялда гьорлъ Дагъистаналъул цолъи гьезул къадаралде ралагьичIого республикаялъул халкъазул ихтиярал ращадал рукIинари, киналго дагъистаниял эркенго церетIеялъе санагIатал шартIал гIуцIи ва гь. ц. рахъалги кьочIое росун, хIадур гьабуна, тIолабго халкъалъ гьоркьоб лъезе басмаялде бахъараб Конституциялъул проект. ГIадамазул тIадежураялги хIисабалде росун, жеги тIад хIалтIараб проект тасдикъ гьабуна Верховный Советалъ ва 1994 соналъул 26 июлалда, къабул гьабуна республикаялъул Конституциялълаб Собраниялъ.**

ЦIияб Конституция къабул гьабиялъул кIудияб кIвар букIана республикаялъул властальул гIуцIаби цIилъизариялъеги. ХIалтIизе лъугьана ДРялъул Халкъияб Собрание. ГIуцIана республикаялъул ХIукумат. ГIумруялде рахъинаризе лъугьана политикиял ва экономикиял хиса-басиял. Щулалъана халкъазул цолъи. ГIуцIарал пачалихъиял ва исполнительниял гIемерисел органаз бихьизабуна жидерго кIвар буголъи ва бажари. БакIалълаб самоуправлениялъе кьураб ихтиярги хIалтIизабун бищизе лъугьана бакIалълаб нухмалъи (власть), тIуразаруна бакIалълаб кIваралъул суалал, гIуцIана цогидазда релъинчIеб, жиндирго нухккураб маданият ва гIадамазда сверухъ бугеб социалиябгун рукIарахъиналъул ахIвал-хIал, социалиялгун экономикиял суалал тIуразариялълъ жигарчилъи бихьизабизе лъугьана.

Конституция къабул гьабиялъ кверабакъана республикаялда рекъел ва рагIи дандеккей цIунизе, Кавказалда ва Россиялда Дагъистаналъул кьимат борхизабизе, миллатазда гьоркьор ккарал дагIбарагIиязулъ маслигIат гьабиялъулъ гьелъул кIвар цIикIкIана. Цере чIарал масъалаби, рагIи дандеккунгутIиял тIуразаризе лъугьана гара-чIвариздалълун, кIиябго рахъ разилъун цоцазул адаб-хатир цIунун.

Дагъистаниязул къисматалъе Пачалихъалъул Советалъул букIараб кIваралъул хIакъалъулълги чанго рагIи абилин. Демократиялъул нухде республика лъугьунеб доб захIматаб заманалда гьеб органалъ жаваб кьолаан республикаялда букIараб хIалалъул, социалиябгун экономикияб цебетIеялъул, чIара-хьараб хIал букIинабиялъул, нилъер гIаммаб рокъоб рекъел ва рагIи дандеккей чIезабиялъул. Гьеб органалъ рес кьечIо цогидал республикабазда ва улкабазда ккарал гIадал лъугьа - бахъинал Дагъистаналда ккезе.

Дагъистаналъул Конституциялда хиса-басиял гьариялъ Пачалихъалъулаб Советалъ жиндаго тIадаб хIалтIи болжалалдаса цебе гьоркьоб къотIизе тана. Дагъистаналда вищана тIоцевесев Президент.

Дагъистан Республикаялъул Конституция, МугIрузулаб улкаялъул аслияб законалъул къо кIодо гьабулеб мехалъ, нилъер ругел бергьенлъабазда гIейги гьабун, нилъ ургъизе ккола метерисеб кьоялда тIад, жакъасеб кьоялда ругел гIунгутIабазул ва тIуразаричIел суалазул хIисаб гьабичIого, кьимат кьечIого, нилъеда борцине кIоларо метерисеб къо.

**Нижер мухбир**

ОБЪЯВЛЕНИЕ

**15 июля 2015 г. с. Игали**

О публичных слушаниях об изменении вида разрешенного использования земельного участка в с. Игали в местности Байдан с площадью -5954 кв.м. кадастровым номером 05:25:000035:194 Исаева Магомеда Ибрагимовича с ЛПХ на КФХ

**Глава администрации с. Игали**
**Магомедов Г. Н.**

В ЗДОРОВОМ ТЕЛЕ - ЗДОРОВЫЙ ДУХ

# Как уберечь ребенка от наркотиков

**Безусловно, каждый родитель время от времени задумывается, как уберечь своих детей от страшной и неизлечимой болезни наркомании. Как сделать так, чтобы это несчастье обошло их дом? К сожалению, в подростковой среде наркомания не считается чем-то страшным. Подростки часто имеют недостоверную информацию и считают, что взрослые нагнетают обстановку. Поэтому для того, чтобы не допустить беды, надо быть внимательными и мудрыми родителями. Надо уметь вовремя рассмотреть, что с ребенком что-то не так.**

Родители должны знать, что есть причины, которые могут привести к наркомании.

1 .Наличие стрессовых ситуаций в семейной и личной жизни.

2.Частые конфликты и отсутствие эмоциональной близости и доверительных отношений с родителями.

3.Окружение ребенка и его друзья, у которых неправильное представление о жизненных ценностях.

4. Плохие отношения в школе с учителями и сверстниками.

5.Отсутствие интересов и увлечений.

Если хотя бы одна из перечисленных причин имеет место быть, то родители должны задуматься над тем, что их ребенок в группе риска, и сделать все, чтобы изменить ситуацию в лучшую сторону. Может, это и прозвучит банально, но в семье должен быть мир и покой, ребенок должен знать, что его любят и ценят в семье, принимают таким, какой он есть, и поддержать и поймут в любом случае, и тогда риск того, что он пристрастится к наркотикам, будет снижен.

И конечно, не надо забывать : чтобы не произошло ничего страшного с детьми , надо проводить беседы .

Беседы проводятся согласно их возрастным особенностям, потому, что тематика разговора будет отличаться для ребенка 9 и 17 лет.

**9-11 лет.**

В этом возрасте детям непонятно, что вред, который им принесут наркотики , приведет к необратимым последствиям. Но во время беседы можно воспользоваться их возрастной впечатлительностью и, используя яркие краски, описать, какие изменения ждут людей, употребляющих наркотики. Надо довести до их сведения, что передозировка алкоголя, табака и наркотиков может привести к смерти. И помните, что в этом возрасте важно научить ребенка «НЕТ!» Если ваш ребенок будет знать, что наркотики - это приговор, и будет уверен, что он любим и востребован, то ему будет легче отказаться попробовать псих активных вещества.

**12-14 лет**-очень опасный возраст!

Даже до этого беспроблемные дети начинают вступать в конфликт со взрослыми. Для них самое главное -мнение ровесников, и они склоны подвергать себя опасности. Но в то же время они очень нуждаются в поддержке и понимании родителей. Разговор на строить, опираясь на то, как трепетно в этом возрасте они относятся к своей внешности. Надо им рассказать, что у наркоманов очень меняется внешний вид и происходит преждевременное старения организма, что их жизнь совершенно недолгая, и перспектив у них нет.

И обязательно надо следить за тем, с кем общается ваш ребенок. Лучше, если он охвачен спортом или музыкой, или любым другим увлечением.

**15-17лет**.

В этом возрасте молодые люди много знают о наркотиках. Владеют информацией о пробных и случайных употреблениях. Видя своих сверстников, употребляющих наркотики. Для того чтобы отказаться от употребления наркотиков, они должны быть очень твердо уверенны в том, что им это не надо. Как правило, в этом возрасте молодые люди склонны идеализировать жизнь и верят в то, что они могут ее изменить к лучшему. На этом и надо строить свою работу с ними. Рисовать им их перспективы и поддерживать их даже на первый взгляд несбыточные мечты. А еще им необходимо знать и быть уверенными, что свою дорогу они выбирают сами, а не взрослые им навязывают ее. А их мнение высоко вами ценится.

Семья и родители - это первый барьер ребенка на пути к наркотикам. Именно в семье прививаются основные жизненные ценности, и именно семья помогает растущему человеку выбрать правильный путь. Родители должны постоянно держать этот вопрос на контроле и быть всегда готовыми прийти на помощь в любой трудной жизненной ситуации.

Как распознать признаки употребления наркотиков?

- Если ребенок чрезмерно возбужденный или, наоборот, вялый и пассивный.
- Повышенная или пониженная работоспособность.
- Ухудшение памяти, снижение успеваемости.
- Безразличие, частая смена настроения.
- Сонливость или, наоборот, бессонница.
- Уходы из дома, постоянные просьбы денег, пропажа материальных ценностей из дома.
- Физическое состояние ребенка резко ухудшилось: появилась бледность или покраснение кожи, расширенные или суженные зрачки, несвязанная речь, хронический кашель, нарушенная координация движений, резкая потеря веса, расстройства желудка.Взрослые должны быть предельно бдительны, и даже при малейших подозрениях надо бить тревогу.

ПОМНИТЕ, что есть вещи, которые подростки не прощают!

- Это категорическое неприятие их жизненной позиции. Если это происходит постоянно, то они уходят туда, где их понимают, принимают и с ними считаются на улицу или, как принято как говорит, в подворотню.
- Постоянный контроль и не доверие. Это озлобляет подростков и приводит к бунту. А бунт выражается в уходе из дома и употреблении психа активных веществ назло взрослым!
- Эмоциональную отдаленность. Если дети видят, что вам безразличны их проблемы , то они перестают вам о них говорить и уже не видят в вас близких людей.
- Постоянные упреки и наказания. Подростки начинают врать и обманывать взрослых, чтобы избежать очередного скандала. Или просто умалчивать проблему.

**Гулисат Худатбегова, врач-нарколог**

ТIАБИГIИЯБ ТIАЛАБ ТIОБИТIУЛАГО

# Нуж, рохьал къотIулел, рохьал рухIулел...

## Рохьал цIа ккеялдаса ва бикъа-хъамиялдаса цIуни - щивасул налъи

**Нилъер пачалихъалъул халкъияб бечелъилъун ва цIакъго къиматаб, гьечIого гIолареб хазиналъун ккола рохьал.**

Халкъияб магIишаталъеги тIолабго тIабигIаталъеги буго рохьазул бергьун кIудияб кIвар, щайгурелъул рохьаз ракь цIунула, ччукIелаздасангун бихха-хочун иналдаса, цIакъго кIудияб квербакъи гьабула ракьулъ регьел цIуниялъе, иццазул, лъаразулгун, гIоразул ва хIатта ралъадазулги лъим цIикIкIинабиялъе. Гьелдаго цадахъ бацIцIад гьабула инсанасги щибаб рухIчIаголъиялъги гIумру гьабиялъе бищунго чара гьечIого хIажатаб гьава. Гьединго рохьахъ гIумру гьабула батIи-батIиял ва рикIкIен гIемерал гIалхул хIайваназ: хIинчI - гъедоялъ ва цогидалги рухIчIаголъабаз. Узухъда, гьелги ккола улкаялъулги халкъалъулги бечелъилъунги нахърателалъулаб хазиналъунги.

Балъголъилъун кколаро рохьал гьечIони мина-рукъалъеги цогидал хIажалъабазеги цIул букIунареблъи.

Болъихъ лесничествоялда ругел ГIахьвахъ. Болъихъ ва Гумбет районал рохьазул рахъалъ мискинал руго. Гьединлъидал гьоркьоса къотIичIеб ва къойилаб кIвар кьезе ккола районазул, росабазул тIолалго захIматчагIазги щивав бичIчIи бугевщинав чиясги рохьал цIа ккеялдаса, бикъа-хъамиялдаса цIуниялде. гIезариялде, цIикIкIинариялде.

Жиндир гъалатIалдалъун рохьоб цIа ккани, гьев чиясе уголовнияб тамихI гьабула ва рохьалъе ккараб зарал, кинабго гьениб цIа свинабулаго ккарал харжал гьев чиясда тIад лъола.

ЦIа рохьил тушман буго, цIаялъ рохьалъе кIудияб зарал гьабула гIисинал гъутIби, рохьор рукIунел рухIчIаголъаби рухIула ва гьединго гьоркьо-гьоркьор чIахIиял гъутIби, рохьги бухIула.

Гьединлъидал газета гьоркьоб ккун, лесничествоялъул нухмалъулез ва хIалтIухъабаз кутакалда гьарулеб буго районазул ва росабазул бутIрузда, жамагIаталда, гIисинаб гIелалда, гIадамазда гьоркьоб бичIчIи кьеялъул хIалтIаби гьареян, рохьоб цIа ккеялдаса цIодорго рукIаян, Болъихъ лесничествоялда цIаялдаса хIинкъи бугеб заманлъун чIезабун буго тIоцебесеб апрелалдаса 30 аб. ноябралде щвезегIан заман.

Рохьоб кIкIуй ва цIа бихьарав чияс росдал, районалъул администрациялда ва рохьил хIалтIухьабазда хехго лъазабизе ккола, ва лесничествоялде 2-20-62 номералде ахIизе ккола.

Рохьал бикъа-хъамиялъул рахъалъ абуни, цо кубометр ихтияр гьечIого рохьоб цIул къотIани, бахъизе бихьизабун буго 21 115 гъурущ.

**М. МухIамадхIажиев, Болъихъ лесничествоялъул нухмалъулесул заместитель**

БетIерав редактор ХIамзат ГIизудинов телефон: 26-254
Газета гIуцIаразул ва редакциялъул адрес: 368930 Гумбет район, МелъелтIа росу, редакция gumbet_smi@mail.ru

Жавабияй секретарь Къурмагъиз ХIадисова
Корреспондентал: ГIайшат Исламбиева, Исрапил Заирбегов
Фотомухбир: Гебек Гебеков телефон: 26-404

Набор: Марям МухIамадова
Верстка: Рапият Зулумханова
Газета кьабуна «Лотос» типографиялда
Типографиялъул адрес: МахIачхъала, Пушкинил къватI, 6

Газета къватIибе бачIунаан «Гумбеталъул колхозчи», «Вождасул васиятал», «Бакълъулазул нур» абурал цIаразда гьоркь
Учредитель: РМБУ «Рио -Гумбет»

Индекс: 51351
Тираж - 1325
Газета къватIибе биччазе гъулбасана, графикалда рекъон: 16 с. 00, хIакъикъаталда : 16 с. 00
Заказ №____

Газета зарегистрирована в Управлении Федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по Республике Дагестан от 24 января 2012 года. Серия ПИ № ТУ5-0144

Редакциялъул пикру кидаго гуро газеталда рахъарал макъалабазул авторазул пикругун данде кколеб. Макъалабазда рихьизарурал хIужабазул, цIаразул, тарихазул ва цогидалги баяназул жаваб кьола гьезул автораз. Гьединал макъалаби газеталда рахъула, гьезие халкъалъ къимат кьезелъун.